लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# यीशु बारह सहायकन के चुनलें



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Byron Unger; Lazarus

अनुकूलित: E. Frischbutter; Sarah S.

अनुवादक: सुरेश मसीह

Alastair Paterson

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

यीशु बहुत ढ़ेर अद्भुत काम कइलन।



उ रोगीन के चंगाइ दिहलन, परेशान लोगन के दिल अउर दिमाग में शांति दिहलन, अउर उनके परमेश्वर क वचन सिखवलन।




भीड़ क भीड़ सहायता अउर चंगाई खातिर यीशु की पास आवल करे। उ, उनकी कई अनुयायीयन ...

... में से बारह गो पुरुषन के चुनला क फैसला कइलन कि उ सब परमेश्वर की काम में उनकर मदद कर सकें।



यदि आपके महत्वपूर्ण निर्णय लेबे के होखी
तब आप, का परमेश्वर से प्रार्थना
करबअ? यीशु अइसन
कइलें! एगो शांत पहाड़ी
जगह पर उ अपनी
स्वर्गीय पिता से
सूरज डूबला तक
बात कइलन; यीशु
प्रार्थना कइलन।




यीशु, पूरा अन्हरि
या रात में रात भर
प्रार्थना कइलन।


सुबह में, यीशु अपनी सब अनुयायीयन के बोलवलन - उहे सब दोस्त लोग जे उनकर सेवा करत रहलें अउर उनकर बात मानत रहलें।

उन्हनी में से उ बारह लोगन के विशेष सहायक, या प्रेरित होवे खातिर चुन लिहलन।



यीशु जिन के चुनलें उनमे से पहला, शमौन पतरस अउर अन्द्रियास दूनो भाई रहलें। जब यीशु पहिले उन्हनी के अपनी पीछे होखे के (अनुसरण करे के) कहलन तब उ आपन मछरी पकड़े क काम छोड़ दिहलें।



याकूब अउर यूहन्ना, जब्दी के बेटा भी, आपन मछरी पकड़े वाला जाल के छोड़ दिहलें।



यीशु फिलेप्पुस अउर बरतुलमै,
अउर मत्ती अउर थोमा अउर
हलफई क बेटा याकूब अउर
शमौन जेवन
जेलोतेस
कहलावे
नअ।



अउर याकूब क बेटा यहूदा
अउर यहूदा इसकिरयोती,
जेवन बाद में उनके
पकड़वावे वाला
बनल, के भी
चुनलें।




यीशु मसीह इहो सिखवलन, कि जेवन उ सिखावे लें ओकर पालन कईल मतलब एगो ठोस नेव पर घर निर्माण की तरह हअ। भयंकर
तूफान भी ओ घर के नष्ट ना कर सकेला।

लेकिन, 'यीशु मसीह की वचन क पालन ना कइल, एगो रेतीला नेव पर घर की निर्माण की तरह हअ। जब तूफान आयी, तब उ घर गिर जायी।



'यीशु मसीह क कुछ आज्ञा आसान ना रहे। "उ सिखवलन," यदि केहु आपकी दाहिने गाल पर थप्पड़ मारे, तब तू आपन बाया गाल भी दे दी हअ।




"अपनी दुश्मन के भी प्यार करअ।" लोगन के यीशु मसीह की तरह जीये खातिर परमेश्वर की मदद क सख्त जरूरत हअ।

यीशु लोगन के गुप्त में प्रार्थना करे के सिखवलन - जइसे कुछ धार्मिक नेता लोग करें ले, वइसे लोगन की सामने प्रार्थना देखावे खातिर के ना करे के चाँही।



यीशु मसीह कहलन,
कि परमेश्वर पर जे केहु
विश्वास करेला, उन सब के परमेश्वर
खाना अउर कपड़ा
प्रदान करेलें।



परमेश्वर जब चिरईन के खाना, झाड़ी तथा फूल सब के सुंदर रंग देलन, तब लोगन के भी अपनी सब जरूरत खातिर उनकरा पर विश्वास करे के चाँही।



ओही दिन यीशु, उनकर चुनल नया सहायकन के बहुत कुछ सिखवलन। उनकर सीखावल जइसे ही समाप्त भइल, एगो कोढ़ी चंगा होखे खातिर भीख मांगत - मांगत यीशु की पास आइल।





यीशु मसीह कहलें, "हम चाहत बानी कि तू शुद्ध हो जा।" सहायक लोगन की देखते देखत में ही, कोढ़ी एकदम चंगा हो गइल ।



अरे उ त चंगा
हो गइल ! खाली
परमेश्वर क बेटा ही
अइसन कर सके
लें। चेला लोगन के
पता हो गइल कि
उनकरी संगे
एगो अद्भुत

गुरु बाड़न।

# यीशु बारह सहायकन के चुनलें

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मत्ती ४-७, मरकुस 1, लूका 6

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँईं
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब
जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर
हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल
सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर
आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह
रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16